

Konferans: Jeni, Jistis Sosyal ak Lapè (JJSP)
3-6 Sèptanm 2015, Mayagüez, Puerto Rico, USA
esjp.org

Apél de Patisipasyon (Premye Jyen 2015) e Maniskri (Premye Sèptanm 2015)

11yèm konferans entènasyonal anyèl Jeni, Jistis Sosyal ak Lapè a ap fèt nan vil Mayagüez a Poto Riko, soti 3 pou rive 6 sèptanm 2015. Oganizatè yo se investigatè projè “Cultivating Responsible Wellbeing in STEM: Social Engagement through Personal Ethics” (NSF #1449489) ak CoHemis (Centro Hemisférico de Cooperación en Investigación y Educación en Ingeniería y Ciencia Aplicada).

Propozisyon patisipasyon yo ka adrese nenpòt sijè ki gen pou wè avèk jeni, jistis sosyal avèk/oubyen lapè. Sijè sa yo konekte avèk projè oganizatè yo: “Moun Responsab”, “Teknoloji Aproprye”, “Kapabilite an tan ke moun”, “Konsepsyon sansib pou valeu”, “konsepsyon avèk angajman”, ak “angajman komunote”. Epi tou, poutèt konferans yo ap fèt Poto Riko, nou envite patisipasyon yo eksplòre tèm kolonyalism ak neyokolonyalism sou jistis sosyal, jeni ak teknoloji.

JJSL se yon kominote divès ki konpoze de enjenyè, sosyolog, konseptè, atis, umanis, kontremèt e latrèye, kap travay tankou entlektiyèl oubyen etidyan. Poutèt sa, nou envite patisipasyon nan divès sèktè, ki gen diferan apwòch ak foma, tankou prezantasyon tradisyonèl, atelye de travay, diskisyon, pèfòmans e latrèye. Nou envite tout fom patisipasyon akademik ou pa, baze sou teori/kritik, avèk/oubyen pratik. Patisipasyon yo ka prezante an Anglè, Espanyol, Fransè oubyen Kreyòl; pral gen tradiktè si nesèsè.

Konferans lan pral fèt nan “University of Puerto Rico”, ki nan vil Mayagüez (UPRM), pandan sesyon akademik oton nan. Men kijan orè a pral prezante:

- **Mèkredi 2 Sèptanm (opsyonèl):** Resepsyon de byenveni pou patisipasyon ki rive yo.
- **Jedi 3 Sèptanm:** Diskou, dyalog ak reyinyon ant patisipasyon JJSL yo avèk mamb kominote Mayagüez yo.
- **Vandredi 4 Sèptanm:** Prezantasyon patisipasyon yo. *Not: pou angaje kominote a, patisipasyon yo dwe gen yon odyans de 100 moun o mwen, patisipasyon ki vle gen mwens odyans dwe kontakte oganizatè konferans lan.*
- **Samdi 5 Sèptanm:** Vizit yon sant nan kominote lokal lan pou fè plis dyalog avèk patisipasyon JJSL yo, oganizatè konferans yo ak moun ki resevwa patisipasyon yo.
- **Dimanch 6 Sèptanm (opsyonèl):** Dyalog enfòmèl avèk aktivite sosyal (tankou yon plaj lokal) pou moun ki ka rete yon jou an plis.

Frè nomal pou konferans lan se 200 dola ameriken. Patisipasyon ki pa gen mwayen pou peye tout frè an ka ofri sa yo ka peye a nan tout diskresyon. Otèl konferans lan se Howard Johnson Mayagüez (99 dola ameriken pou yon moun pa chanm, oubyen 109 dola ameriken pou 2 moun pa chanm). Vizité yo dwe pase pa èpot San Juan (SJU), Aguadilla (BQN), oubyen Mayagüez (MAZ).

Tanpri voye pwopozisyon yo nan imel sa pwofesè Christopher Papadopoulos, Depatman nan Jeni Jeneral, UPRM, christopher.papadopoulos@upr.edu avan **Premye Jyen 2015**, avèk tit prezantasyon an, non ak afilyasyon kolaboratè yo, foma prezantasyon an avèk yon rezime, aproksimativman 300 mo. Kandida yo pral resevwa konfimasyon patisipasyon yo le **10 Jyen 2015**. Epi tou, “*International Journal of Engineering, Social Justice, and Peace*” envite nou adrese rechèch yo a yon spesifik pwoblèm. Tanpri voye prezantasyon yo avan **Premye Sèptanm 2015**:

<http://library.queensu.ca/ojs/index.php/IJESJP/about/editorialPolicies#focusAndScope>.